ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№112 (23.770) ● 2018 гъэм фокІадэм (сентябрым) и 13, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Информацэмкіэ къэрал системэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал граждан къулыкъым къыщагъэсэбэным и Іэухуікіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ и Указ

«Урысей Федерацэм и къэрал граждан къулыкъым и Іэухуікіэ» 2004 гъэм бадзэуэгъэм и 27-м къащта Федеральнэ закон №79-ФЗ-м и 44-нэ статьям тету **унафэ щІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъур информацэкІэ къызэгъэпэщын икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм кадрэмкІэ я ІэнатІэхэм я лэжьыгъэр гъэтэмэным мурадкІэ къэрал къулыкъум и ІэнатІэм къыщагъэсэбэп информацэмкІэ федеральнэ къэрал системэр.

2. Мы Указым кІару егъуэт официальнэу къыщытрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2018 гъэм фокІадэм и 6-м
№132-УГ

КъБР-м и еджапІэхэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ Іуэхущ1апІэхэмрэ автомашинэщІэхэр къаІэрохьа

Дызэрыт илъэсым Къэбэрдей-Балъкъэрым и еджапІэхэмрэ узыншагъэр хъумэнымкІэ Іуэхущ1апІэхэмрэ а ІэнатІэхэм къыщагъэсэбэп автомашинэщІэу 30 къыІэрыхьэнущ.

АВТОМАШИНЭХЭМ ящыщу 20-р медицинэ дэІэпыкъуныгъэ псынщІэм хэущІауа, 10-р школакІуэхэр къызэрыраШэкІ автобусхэрщ. Абы теухуа унафэм 2018 гъэм фокІадэм и 7-м Іэ щІидзащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и Унафэщ1 Медведев Дмитрий.

Иужьрей лъэхъэнэм ди щІыналъэм псори зэхэту санитар, пассажир автотранспорту 200 хуэдиз къыІэрыхьащ икІи школхэм я автобусхэмрэ дэІэпыкъуныгъэ псынщІэм и автомашинэхэмрэ процент 80-м щІигъукІэ къаГъэщІэрэщІэжащ.

Хъыбар гуапэ

Хьэпшыпхэр щыхьэт тохъуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мазэ зыбжанэкІэ щылэжьащ Къэрал Эрмитажым и лэжьакІуэхэм къызэрагъэпэща Кавказ Ищхъэрэ экспедицэр. Абы хэтащ республикэм и щІэныгъэлІхэмрэ студентхэмрэ, апхуэдэу къэралым и музей нэхъыщхьэм пыщІа щІэныгъэлІ цІэрыІуэхэр.

ЭКСПЕДИЦЭМ зэхилъхьа планым тету Бахъсэн районым щыщ Къулъкъужьи Ипщэ къуажэм и Іэшэлъашэхэм пасэрей зэманым и фэепльхэр къыщалъыхъуащ Бэрбэч Хь. М. и ЦІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым Тхьидэмкіэ, филологиемкіэ, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ и институтым и студентхэм. Абыхэм щІым къыщІаха хьэпшыпхэм я ныбжьыр, Іэщ1агъэлІхэм зыкъзэралъытэмкІэ, илъэс 2700-рэ хуэдиз мэхъу икІи археологием зегъэужьынымкІэ мыхьэнэшхуэ яІэнущ. Хьэпшыпхэм яхэтщ къуэщ1ын зэмылІэужьыгъуэхэр, домбеякъым, абджым къыхэщІыкІа фальэхэмрэ хьэпшып цІыкІуфэкІухэмрэ, сэхэр, шабзэшэхэр, джыдэхэр.

ЩІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, а хьэпшыпхэр щыхьэт тохъуэ ищхъэрэ, ипщэ щІыналъэхэм иса лъэпкъхэр зэпыщІауэ зэрыщытам икІи псэуныгъэмкІи зэуэнымкІи зым адрейм щапхъэ къытрихыу зэрыщытам.

Экспедицэм къыгъуэта хьэпшып псори Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и музейм къыхуагъэнэнущ.

Федеральнэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къатахэм япхъ иткІэ.

Лэскэн щІыналъэ

Іэщ зэрагъэпэщыж

Арщыданым и унафэщІхэр цІыхум зэрызыщІагъэкъуэным хущІокъу.

МЫ ЗЭМАН мытыншым къуажэм завод мыину тІу щагъэлажьэ. Зым нартыхур щагъэгъущ, адрейм Іэщым ирагъэшх Іусыпхъэр щызэтрауд. Къуажэдэсхэм ящыщ зыбжанэм абы лэжьыгъэ щагъуэтащ. Жылагъуэр нэхъыбэу зэрыпсэур щІым къытрахымрэ Іэщ гъэхъунымрэщ. Иужьрей илъэсхэм нэрылъагъуу унагъуэ куэдым Іэщ зэрагъэпэщІыж. Къуажэ администрацэм и Іэтащхьэ Сунш Ахъмэт зэрыжиІамкІэ, жылэм жэмыхьэту тІу иІэщи, абыхэм я дэтхэнэми хъунІэ щІыпІэхэр я гъунэжщ, жэм, мэл, бжэн ягъэхъунымэ, зэран къьхуэхъу щымыІэу. Къуажэм нэхъ зыхуэзфІэмыкІыу мы зэманым унагъуэ 23-рэ дэсщи, жылагъуэ администрацэр абыхэм ядоІэпыкъу газ, псы уасэр зытрамыгъахуэу тынымкІэ. Абыхэм ящыщ зым и унэр уэшхуэ кьехам зэхихьутати, ар хуэзфІагъэувэжащ. Нобэ япэ игъэщІапхъэ Іуэхуэхэм ящыщщ къуажэдэсхэр псы зэфэнымкІэ тэмэму къызэрагъэпэщыныр. Унафэщ1ым къызэрыхигъэщамкІэ, иджыпсту къуажэм псы зрикІуэ бжьамийуэ 57-рэ щІэлъщ кхъахэ хъуарэ щІыпІэ куэдым къыщІэзэпхиуду. Бжьыхьэр къэмыс щІыкІэ абыхэм зэрахуэзфІэкІкІэ елэжьащ. «Дауэ мыхъуми, жьы хъуа бжьамийхэр зэдмыхъужьыкІыу хъунукъым. Псори зэгъусэу къытхуемыльэжьэми, пакІэ щІэхъуэу зэфІэтхьи хуейуэ къытпэщылъщ, абыкІэ Лэскэн район унафэщІхэми зыкъытщІагъэкъуэну дащоугуть, - жиІащ Суншым.

МЫЗ Ахьмэд.

КъБР-м и Правительствэм

Зэхъуэкіыныгъэхэр бюджетым халъхьэ

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков Алий дыгъуасэ иригъэкІуэкІа зи чэзу зэІущІэм Іуэхугъуэ 25-м щыхэплъащ.

ЗЭХЪУЭКІЫНЫГЪЭХЭР халъхьащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и бюджетыр 2018 гъэм, 2018 - 2019 гъэхэм тещІыхьауэ» КЪР-м и Правительствэм и Унафэм и проектым.

КЪР-м финансхэмкІэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ Лисун Еленэ жиІащ федеральнэ бюджетым къыхэкІыу республикэм сом мелуан 583-рэ лейуэ къыдэрыхуиутІыпщащ, сом мелуани 119,3-р щыщщ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм я бюджетхэр зыпсуей хуагъэзэн папщІэ иритым. КъищынэмыщІауэ, щІыхуэ щхьэхуэхэр пщІэнэщу хущхъуэкІэ къызэрагъэпэщын папщІэ, КЪР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм къыхущІагъуащ сом мелуани 107-рэ. КЪР-м Лэжьыгъэмрэ социальнэ дэІэпыкъуныгъэмкІэ и министерствэм сом мелуани 139,6-рэ кърат, апэ сабийм щхьэкІэ мазэ къэс ят ахъшэ иГэн папщІэ, КЪР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм - сом мелуан 250-рэ.

- Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэтлъхьэжауэ, республикэ бюджетым и хэхъуэр зыхуэдэнур дубзыхуащ. Псалъэм папщІэ, налогымрэ нэгъуэщІ хэхъуэхэмрэ сом мелард 11-рэ мелуан 718,4-рэ къатынущ. Хэхъуэхэр псори зэхэту сом ме-лард 30-рэ мелуан 849,5-рэ мэхъу, республикэм къигъэсэбэлыну зыхуеинур сом мелард 30-рэ мелуан 836,7-рэ. Профицитыр сом мелуан 12,7-рэ мэхъу, - жиІащ министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэм.

Республикэ унафэщІхэм ягъэбелджылащ Къэбэрдей-Балъкъэрым ребги спорт лІэужьыгъуэм зыщиужьын зэрыщІидзэрэ илъэс 50 зэрырикъуж теухуауэ ирагъэкІуэкІыну Іуэхуэхэр къызэзыгъэпэщыну гупым хэтыныхэр. КЪР-м спортымкІэ и министр **Хьэсанэ Ислъам** зэрыжиІамкІэ, махуэшхэр ирагъэкІуэкІынущ фокІадэм и 30-м.

КЪР-м щэнхабэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин** жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ усакІуэ Гуртуев Сэлихь къызэралъхурэ илъэс 80 зэрыхъум ехьэлІа дауэдапщэхэр къызэзыгъэпэщыну гупыр зэрагъэбелджылар.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэм зыщегъэужьыным и Іуэхукіэ» къэрал программэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ къэпсэлъащ КЪР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министрым и къалэнхэр зыгъэзащІэ **Къумыкъу Іэуес**. Проектым халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр хуэгъэзащ зи ныбжьыр мазитІым къыщыщІэдзауэ илъэси 3 хъуа сабийхэм щакІэтыпльыну Іуэхущ1апІэхэр къызэгъэпэщыным. Нарткъалэ дэт курыт еджапІэ №94-м епхауэ 2019 гъэм яухуэну трауха, школ кІуэгъуэ ныбжьым нэмысасэр здашэ Іуэхущ1апІэр курыт школ №3-м гуэту ящыну зэрахъуэкІыжащ. Законопроектым къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр ягъэзэщІэным сом мелуан 39-м щІигъу текІуэдэнущ.

ЗэхъуэкІыныгъэхэр халъхьащ мэкъумэш Іуэхущ1апІэхэм зегъэужьыным трагъэкІуэдар зэрыратыж щыкІэми.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Мы махуэхэм

ФокІадэм и 13, *махуэку*

♦Урысейм щылажьэ программистым и махуэщ

♦Байкал гуэлым и махуэщ

♦Канадэм адэшхуэ-анэшхуэхэм я махуэр щагъэлъапІэ

♦1736 гъэм Челябинск къалэм и лъабжьэр яГъэтІыпльащ.

♦1741 гъэм Урысей империем унафэ къыщыдэкІащ лэжьэгъуэ махуэм и мардэр сыхьэт 15-м щІигъу зэрымыхъунум теухуауэ.

♦1762 гъэм Екатеринэ ЕтІуанэр пащтых къулыкъум пэрыуващ.

♦1745 гъэм «Атлас российский» географие къыдэкІыгъуэр япэу дунейм къытехьащ.

♦1929 гъэм инджилыз щІэныгъэлІ-бактериолог Флеминг Александр и къэхутэныгъэщІэм - пенициллиным - и сэбэныгъэр хэІущІыу ищІащ.

♦1937 гъэм Іуэзэ-тенджьз ФІыцІэ крайр ягуэшащ Краснодар крайрэ Ростов областу.

♦1942 гъэм Сталинград зауэм щІидзащ.

♦1999 гъэм террористхэм Москва и Каширскэ шоссе уэрамым тет унэхэм ящыщ зыр къагъэуащ. Абы щІэсахэм ящыщу цІыхуи 124-рэ хэкІуэдащ.

♦Драматург, режиссёр, УФ-м щыхьэ зиІэ и артист, КЪР-м и цІыхубэ артист **Тубей Мухьэмэд** къызэралъхурэ илъэс 98-рэ ирокъу.

♦Партизанкэ, Совет Союзым и ЛІыхъужь **Космодемьянская Зое** къызэралъхурэ илъэс 94-рэ ирокъу. ЦІыхубзхэм ящыщу аращ а цІэ лъапІэр зыфІащар.

♦Шэрджэс тхакІуэ **Шорэ Хьэсин** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокъу.

♦КЪБР-м щыхьэ зиІэ и егъэджакІуэ **Бицу Георгий** и ныбжьыр илъэс 80 ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМА-м и профессор **Джиназ Борис** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокъу.

♦Уэрэджы Іакіуэ, усакіуэ, композитор, УФ-м и цІыхубэ артист **Розенбаум Александр** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Тележурналисткэ, «НТВ телекомпание» АО-м и генеральнэ унафэщІым и къэдэ, хъыбарыщІэхэмкІэ къудамэм и редактор нэхъыщхьэ **Митковэ Татьянэ** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Урысей журналист, «Совершенно секретно» газетым и редактор нэхъыщхьэу щыта **Боровик Артём** къызэралъхурэ илъэс 57-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык къалэм щІэ фІащащ Новороссийскрэ Керчрэ.

♦1803 гъэм Эстониер Европэ зэгухьэныгъэм хыхьащ.

♦Генерал-майор, Къуэкіыпі Жыжьэм пащтыхым щиІа армэм и командующэу щыта **Хьэгъундокъуэ Едыдж** къызэралъхурэ илъэси 147-рэ ирокъу.

♦ШэрджэсхакІуэ **Хъыту Сайдин** къызэралъхурэ илъэси 104-рэ ирокъу.

♦Теленэтынхэр езыгъэкІуэкІ, СССР-м и цІыхубэ артист **Кириллов Игорь** и ныбжьыр илъэс 86-рэ ирокъу.

♦Хьэрычтыщ1э, политик, жылагъуэ лэжьакІуэ щІэрыІуэу щыта **Дер Станислав** къызэралъхурэ илъэс 71-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Щоджэн Бетлал** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокъу.

♦Педагогикэ щІэныгъэхэм я кандидат, потребкооперацэм щыхурагъаджэу Белгород дэт университетым Налшык щиІа хуэдамэм и егъэджакІуэу щыта **Хьэфіыціэ Эльмирэ** къэкІыжьауа махуэщ.

♦2008 - 2012 гъэхэм УФ-м и Президенту щыта, 2012 гъэ лъандэрэ къэралым и Правительствэм и Унафэщ1 **Медведев Дмитрий** и ныбжьыр илъэс 53-рэ ирокъу.

♦Франджым щыщ биатлонист цІэрыІуэ, Олимп джэгуэхэм тІэнийрэ я чемпион, олимпиадэхэм дыжьын медалитІ къыщызыхьа, дунейм хэнейрэ и чемпион **Фуркад Мартен** и ныбжьыр илъэс 30 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІуэу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 21 - 25-рэ, жэщым градус 16 - 17 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Іуущыгъэ:

Фалъэм имыт икІутрэ?

ФфщІэн папщІэ

Фэбжь зыгъуэтахэм хуащІ гулъытэр

СОЦИАЛНЭ страхованэмкІэ фондым и щІыналъэ къудамэм лэжьыгъэм фэбжь хэзыхахэм я узыншагъэр ирагъэфІэкІуэн папщІэ санаторэ зэрагъэкІуэн тхыпІуэ 260-рэ кьищэхуащ, сом мелуан 11-м нэблагъэ тригъэкІуадзу.

Санаторэм и узыншагъэм щыкІэлъІыгъэплъыну дохутырым и тхыльэ зрата дэтхэнэри хуитщ. Медико-социальнэ экспертизэмкІэ бюром фэбжь зыгъуэтам и узыншагъэр зэрыгъэпытригъэувэжьнымкІэ и программэм къыщыгъэлъэгъуауэ щытын хуейщ апхуэдэ Іуэхутхьэбзэ зэрыхуащІатхэр.

КІынэмыщІауэ, Социальнэ страхованэмкІэ фондым къыбгъэдокІ сымаджэ хъуам зэрызригъэІэзэм текІуадэ мылъкур, ар и цІыхьэсугъэзу мылажьэу зэрыщысми пэкІуэ ахъшэр. Фэбжь зыгъуэтам зэуэ ахъшэ бжыгъэ гуэр ират, мазэ къэс Іэрыхьэу пенсэ хуагъэув, апхуэдэхэм ятегъэпсыхьа автомобиль къыхуащІэу, лэжьапІэ увыпынмкІи дэІэпыкъуэгъу мэхъу.

УФ-м Социальнэ страхованэмкІэ и фондым и къудамэу КЪБР-м щыІэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Дыгъуасэ

XII Зэхуэсышхуэм зыхуагъэхьэзыр

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и XII Зэхуэсышхуэр къызэгъэпэщыным щІэныгъэ-щІыпІэхэр республикэ комитетым и зэІущІэ фокІадэм и 12-м щекІуэкІащ ДАХ-м и Іуэхущ1апІэм. Ар иригъэкІуэкІащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ Сэхъурокъуэ Хьэутий.

КОНГРЕССЫР щекІуэкІыну махуэм къызэщІакъуэжьнущ Дунейпсо Адыгэ Хасэм 2015 - 2018 гъэхэм къриубыдэу ищІа лэжьыгъэмрэ ДАХ-м и Къэпщытакіуэ гупым зэфІигъэкІамрэ. Апхуэдэуи ДАХ-м и тхьэмадэр, абы и къуэдзэхэр, Гъэзэщ1акІуэ гупым хэтхэр хахынущ. ЗэІущІэм щыхэплъэнущ ДАХ-м хагъэхьэну адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэщІэхэм, нэгъуэщІхэми.

ЗэІущІэм щытепсэлъыхьащ Адыгэхэм (шэрджэсхэм) я махуэр зэрагъэлъэпІэнуми. Абы теухуауэ къэпсэлъащ КЪР-м щэнхабэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, КЪР-м и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и управленэм и унафэщІ **Къуэжей Артём**, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Хьэфіыціэ Мухьэмэд**, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и унафэщІ **Атэбий Игорь**, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм щылажьэ Адыгэ Хасэм и лІыкІуэхэу **Іэдэмокъуэ Елбэрдэ Жу Тимуррэ**, Бахъсэн кьалэм и Іэтащхьэм и япэ къуэдзэ **Къардэн Фатімэ**, Бахъсэн муниципальнэ районым и тхьэмадэм и къуэдзэ **Іэхъуэбэч Анзор**, нэгъуэщІхэри.

КЪАНЩАУЭ Мэлычыпхъ.

«Адыгэ псалъэр» адыгэ унагъуэ псоми илъын хуэдэу

ПщІэ зыхуэтщІ ди щІэджыкІакІуэхэ!

ФокІадэм и 1-м щІидзауэ КЪБР-м Пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм ирегъэкІуэкІ 2019 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыдІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ трегъэдэзыным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ Къэбэрдей-Балъкъэрым ди анэдэлъхубзэкІэ къыщыдэкІыр. ДызэригъэпскІи, ар яІэрыхьэн хуейщ дэтхэнэ зы адыгэ унагъуэмэ.

ГъэщІэгъэн куэд къивгъэтэнущ ди газетым и къыдэкІыгъуэхэм - политикэ, экономикэ, щэнхабзэ, гъуазджэ, спорт хъыбарыщІэхэр, ди тхыдэм, ди хабзэ-бзыпхъэхэм ятеуха тхыгъэхэр, нэгъуэщІ куэди.

Газетым Іэ щытевдзэ хъунущ КЪБР-м и пощт Іуэхущ1апІэхэм.

«Адыгэ псалъэм» и Іэ тедзапщІэр илъэс ныкъуэм сом 612-рэ кІэнпІейкІэ 78-рэ хъууэ аращ.

Ди индексыр 51531

Адыгэ къуажэхэм я щІэнгъуазэ №43

Зи цІыхухэр гуапэрэ зи щІылъэр бей Псынабэ

ЖЬЛЭУ зэрыІысрэ фокІадэм и 22-м илъэс 90 ирокъу Аруан щІыналъэм хыхьэ Псынабэ къуажэр. ЩІэныгъэхэм я докторхэу Шэкіыхьэщ1э Марие, Хьэкъун Тимур, къэрал парт къулыкъущІэхэу Хьуран Хьэжмурид, Теувэ Хьанбий, Хьэкъун Мухьэдин, дохутыр Іэзэ Чэрим Борис, егъэджакІуэ гъуэзэдж Шыд Хьэзрит, юрист тельыджэ Тхьэзэпль Алексей, уэрэджы Іакіуэ цІэрыІуэ Хьэхъупащ1э Амырхъан (нэхъыщІэр) сымэ, нэгъуэщІхэмкІи щІыпІэ куэдым фІыкІэ къыщацІыхуащ ар.

Псынабэм и къекІуэкІыкІам, и Іуэхущ1афэхэм, зэрыгушхуэмрэ зыгъэпІейтейхэмрэ теухуауэ «Адыгэ псалъэм» и нобэрей къыдэкІыгъуэм и етІуанэ, етхуанэ напэкІуэцІхэр. Абыкіэ къыпыдощ1 илъэс 21-рэ хъуауэ дгъэхьэзыр «Адыгэ къуажэхэм я щІэнгъуазэ» (№43-рэ) тхыгъэхэм.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Шэрэдж и Iуфэм зыщызыуэщIа Псынабэ къуажэу зэрытIысрэ илъэс 90 ирокъу

ХЬЭКЪУН Рустам:

ПщIэнтIэпс хьэлэлкIэ допсэу

ФокIадэм и 22-м илъэс 90 ирокъу Аруан щIыналъэм хыхь Псынабэ къуажэр къызэрыунэхурэ. Жылэдэсхэм загъэхьэзыр а махуэшхуэр Iэтауэ ягъэлъэпIэну. Иджыблагъэ дэ зыхуэдгъэзащ щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ Хьэкъун Рустам икIи нобэкIэ я Iуэхуэхэр зытетым зыщыдгъэгъуэзащ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

- Рустам, сыт хуэдэ ехъулIэныгъэхэр иIэу ирихьэлIэрэ Псынабэ къуажэр и махуэшхуэм?

- Дауи, илъэс бгъущI ипэкIи ди къуажэр зэрыщытамрэ иджы зэрыхъуамрэ шурэ лъэсрэ я зэхуакуш. Псом хуэмыдэу абы зиужьащ иужь илъэс 50-м, цIыхухэм я псэукIэри хэпщIыкIыу ефIэкIуащ. Нобэ Псынабэ дыщопсэу цIыху 1721-рэ икIи унагъуэ 350-м дыщIегъу. ЗэгурыIуэрэ зэдэIуэжу дэ дытолажьэкъ щIы гектар 2932-м. Абы щыщу гектар 1100-р гъавэ щIапIэщ, 1113-р хъупIэрэ мэкъуауэпIэрэщ, жыг хадэхэм гектар 390-рэ яубыд.

Псынабэ ди республикэм и къуажэ нэхъ дахэхэм ящыщ зыщ. Абы и уэрамхэр захуэщ, бгъуэщ, жэщым ахэр ягъэнэху. Унагъуэ къэс газ, пси, уэздыгъэ, телефон иокIуалIэ. Къуажэдэсхэм жыджэру къагъэсэбэп интернетыр, жып телефонхэр, автомашинэ зэмылIэужьыгъуэхэр, нобэрей телевизорыфIхэр яIэщ. ЩIыпIэ администрацэм, Iуэху куэд щызэфIагъэкI центрым, щэнхабзэмкIэ унэм, фельдшер-акушер пунктым, пощтым, библиотекэм, тыкуэнхэм цIыхухэм Iэхуэтхьэбзэ зэмылIэужьыгъуэхэр фIагъ лъагэ иIэу щыхуащIэ. НыбжьыщIэхэм щIэныгъэ щызэрагъэгъуэт къатитIу зэтет иджыдрей Iэмалхэр хъыщагъэсэбэп курыт еджапIэм, цIыкIухэр сабий садым щагъасэ. СтадионитIрэ спортымкIэ гупжьей зэмылIужьыгъуэхэрэ диIэщи, щIэблэм я узынщагъэр щрагъэфIакIуэ.

- Iэнатlэр хуабжьу щызэпыуфыда ди лъэхъэнэм сыт зыхэпсэукIыр псынабэдэсхэр?

- Ди къуажэдэсхэр есащ я пщIэнтIэпс хьэлэлкIэ гъэсу. Псынабэ зы унагъуи щыIэу къыщIэкIынкъым и щIы кIапэр нэсу къыимыгъэсэбэлу. Хуабэщхэм зиубгъуащи, абыхэм помидор, нашэ, бальджэ, нэгъуэщI хадэхэкIэм щолэжь икIи къапыкI хьерым зыхуэй хуэзэу кьегъэпсэу. КъищынэмыщIауэ, куэдым джэдкъаз, Iэщ зэрахуэ, губгъуэм щIы бдзжэнду кьыщIахауэ нартыху, сое, кIэртIоф, хьарбыз щыхащIэ.

Дэтхэнэ къуажэми хуэдэу, лэжьыгъэ Iэнатlэ здэщыIэр школыр, сабий садыр, амбулаторэр аращи, ахэр ди цIыхухэмкIэщ нэхъыбэу къызэрызгъэпэщар. КъищынэмыщIауэ, дэ тщыIу куэд Нарт-къалэрэ Налшыкрэ пщIэрэ щыхьрэ яIэу щолажьэ.

- Фи къуажэм укъызэрыдыхьэу, абы и къабзагъми хьэуар зэрыгуакIуэми удехьэх.

- Шэрэдж псым и Iуфэм дыIусщи, абы ди хьэуар зыкъомкIэ егъэтельыджэ. КъищынэмыщIауэ, къуажапщэм псынэ куэду къыщыщIожри, зы уэрам къэмынэу ар ирожэ, уефи уритхъащIи хьуну.

Къэмызэгъыу пхъанкIий идзыпIэ хьэблэхэм, къуажэбгъуэхэм зэрыщамыщIыным дыхуосакъ. Махуэ хэха иIэу автомашинэ хьэлъэ къыдыихьэурэ унагъуэхэм къыдагъэувыкIа кIэрыкубжьэрыхухэр деш.

- Рустам, къуажэ унафэ щIыныр, абы и Iэхуэ дэгъэкIыныр сыт щыгъуи тыншкъым. Фи лэжьыгъэ гугъуэмкIэ хэт сымэ щIэгъэкъуэн къыфхуэхъурэ?

- Къуажэ администрацэм, школым, сабий садым, щэнхабзэмкIэ унэм, амбулаторэм, полицэм и участковэ пунктым я лэжьакIуэхэр псэхьэлэлкIэ я Iэнатlэм пэрытщ, я къалэнхэр дагъэнэшэу сыт щыгъуи ягъэзащIэу. Жылэр зыхуей хуэгъэзэныжмкIи, щIэблэр егъэджэнрэ гъэсэныжмкIи хуабжьу щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуохъу нэхъыжьхэмрэ ветеранхэмрэ я зэгучъэныгъэхэр, администрацэм и деж щылажьэ жылагъуэ советыр. Абыхэм я тхъэмадзэхэу Индарокъуэ Мухьэмэд, Арэхэт Юрэ, Теувэ Алексей сымэ я деж сыт хуэдэ чэнджэщри щыбгъуэтынущ, Iуэху кьепхьэжьами, жащ-махуэ жамыIэу, зэрахуэзэфIкIкIэ зыкъыпщIагъэхъуэнущ. Къапщтэмэ, Индарокъуэ Мухьэмэд и жэрдэмкIэ къуажэдэсхэм мылъку зэхалъхьэри, гектарищ зи инагъ кхъэщIэмрэ мэжджытым и пщIантIэмрэ гъущI хьарэкмкIэ кхъахухьащ, хьэдэщIэлъхьэным къыщагъэсэбэп Iэмэпсымэ, хьэпшап зэмылIэужьыгъэхэр, ящащхуащ. Теувэ Алексей етIысэх имыщIэу къуажэм и тхыдэр зэфIегъэувэж, ар щIэблэм зэрабгъэдилъхьэным нужь итщ. Арэхэт Юрэ къару куэд, ирехьэлIэ Хэку зэрыщхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъыр хьумэным, ветеранхэр зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэгъэпэщыным.

Зы гуфIэгъуи нэщхъеягъуи жылэм къыщыхъуркъым Аруан щIыналъэм и раис-Iимам ди къуажэгъу Iэщпокъуэ Мухьэмэдрэ Псынабэм и Iимам Мамыхъу Мулидрэ хэмыту, абыхэм зэфIамыгъэкIыу. Муслымэн нэчыхь тхьынми хьэдэр зыхуей хуэгъэзэнми нэхъыбэу дызыщыгугъыр ахэращ икIи сыт хуэдэ Iуэхури харзынэу зэфIагъэкI.

Дауи, ди Iуэхуэр тэмэму зэфIэкIынтэкъым Аруан щIыналъэм и администрацэм, абы и Iэтащхьэ Куэшей Азэмэт я пашэу, сыт щыгъуи зыкъытщIимыгъакъуэу щытамэ. Сыт хуэдэ жэрдэмри абы къыщыддаIыгъ икIи лэжьыгъэм дыщытрагъэгушхуэ.

- Мыгувэу вгъэлъэпIэнущ Псынабэр жылэу зэрытIысрэ илъэс 90 зэрырикъур. Дауэ зыхуэзгъэхьэзыррэ абы?

- Къуажэм и юбилейр ди дежкIэ, дауи, махуэшхуэщ. Абы хуэфащэну зыхуэгъэхьэзырын зэрыщIэдзэрэ куэд щIащ. Илъэс 90 дызэрырикъур дгъэлъэпIэну тедухуащ фокIадэм и 29-м. А махуэм Псынабэ нэгуэныжь Iуэхугъуэхэр, спорт зэхьэзэхуэхэр щекIуэкIынущ. Кьыдогъаблагъэ дыкъыдзетпщIыкIыжьа Шэрэдж Ищхъэрэ, республикэм и адрей щIыпIэхэм щыщ. хьэщIэхэр, адэ-мыдзакIэ щыпсэу ди къуажэгъу цIэрыIуэхэр. Дыхуейщ гукъинэж ящыхъуну ди къуажэдэсхэми махуэшхуэм кьрихьэлIэну хьэщIэхэми.

ЖылэгъэIэпхъуэм и лъэхъэнэм

Адыгэ къуажэхэм я нэхъыбэр иджыпсту зэрыс щIыпIэхэм зэрыщетIысэхрэ куэд щIакъым. Илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ, щитI ипэкIэ Урыс-Кавказ, зауэжьым кьелахэр, зэхэзехуэн ящIа-хэр жылэу зэхэтIысхьэжащ. Аргуэру зы лIэщIыгъуэ дэкIри, къуажаззэхэгъэкI Совет властым къахильхьащ. Абы и къалэн нэхъыщхьэт километрипщI бжыгъэхэр выгурэ шыгукIэ махуэ къэс зэпачу губгъуэр зезыхьэ мэкъумэшыщIэхэр жыжьэу пхыдза я щIы Iыхьэхэм пэгъунэгъу щIыныр. Апхуэдэу къэунэхуаxэм ящыщщ Мэрзэхъу, Шытхьэпэ, Джэрмэншык, Уэзрэдж, Псыкуэд, Зэрэгъыж, Ерокъуэ жылэхэм, адрейхэми хуэдэу, къыхагъэIэпхъукIа Псынабэ къуажэри.

Къуэжьыкъуей (иджы Шэрэдж Ищхъэрэ) къуажэм и щыр Шэрэдж псым и Iуфитlым щызэбгрыдзат. Абы мэкъумэшыщIэхэр хуабжьу гугъу иригъэхьырт: улъэмэ плагъу губгъуэхэм унэсын папщIэ, къэкIыгъэм и елэжьыгъуэм и гуащIэгъуэ дыдэ гъатхэмрэ гъэмахуэмрэ псыр къиуа иужькIэ, гъуэгуанэ кIыхь кьыпакIухьын хуей хъурт. Арати, зэманри къарури пщIэнэшу яфIэкIуэдырт, гъавэри зехьэ хьуртэкъым.

1924 гъэм Къэбардей-Балъкъэрым щыщIадзащ зи щIы Iыхьэхэр жыжьэ щыIэ къуажэхэм цIыхухэр къыхэгъэIэпхъукIауэ абыхэм унагъуэу щыгъэтIысыным. Апхуэдэ Iуэхугъуэ къыхуэкIащ Шэрэдж Ищхъэрэмэ. 1927 гъэм гъатхэпэм и 14-м зэхэта къуажэ зэхуэсым унафэ къыщащтащ Шэрэдж псым зы хьэблэ зэпрагъэIэпхъукIыну. Дауи, адэжь лъапсэр ибгынэну зыри хуейтэкъым. Апхуэдэу щыхъуэм къуажэр щы иращыкIри, пхъэидзэ ящIащ. Абы ипкъ иткIэ Iэпхъуэну кьатехуащ Хьэзанашей хьэблэм щыпсэуэхэм, псори зэхэту унагъуэ 185-м.

Нобэрей Псынабэм и щIым япэу итIысхьаxэм ящыщщ Шакъ Мурид, Къэгъэзэж Шу, Хьэбытlэжь Мысост, Балъкъэр Амфохьим-хьэжьым и къуэ Щамил пхъэм къыхищIыкIа мэжджытым и пIэкIэ, илъэс 80 нэблагъэ дэкIа и ужькIэ, абы и къэрзырлъхъ Марие нэхъ екIужу, нэхъ иныкъу Тхъэм и унэ дахэ къыщалъхуа жылэм зэрыдригъэщIыхьар. Ар гъащIэм и зыужьныгъэщ.

Мыбдежым Iэмал имыIэу къыхэщIыпхъэщ: шэч хэмыльу, «Мэжджыт нэхур» зи жэрдэмри абы и уэхунигъэм и Iэтащхьэу щыта Хьэкъун Мурид, мэжджытым и проектыр зыщIа Логоватский Юрий, конструктор Абазэ Хьанэмэт, «Къэббалъкъстройматериалы» АО-м и генеральнэ директор Нэгуэй Вячеслав, Нарткъалэ щыIэ химкомбинатым и унафэщIа ЛIыхъужу Хьэжмурид, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ Тlажь Борис сымэ, нэгуэщIхэри. ШэкIыхьэщIэр сыт щыгъуи и гуапэу тепсэлъыхьырт Къэбэрдей-Балъкъэрым и апэ Президент КIуэкIуэ Валерэ куэдкIэ къызэрыдэIэпыкъуэм. Псынабэ дэт мэжджытым нобэр къыздэсым и нэIэ трегъэтщ КъБР-м транспортымрэ гъэсу хозяйствэмкIэ и министру и щыта Сунш Ануарбий.

Мэрем змэзэыр щекIуэкIым и деж «Мэжджыт нэхум» къыщызэхуос Псынабэ, Къэхъун, Шэрэдж Ищхъэрэ, Нарткъалэ, уеблэмэ Налшык къикIахэр икIи ахэр ШэкIыхьэщIэ Марие иригъэщIа Тхъэм и унэм Алыхьым щолъэIу ди щIыналъэр мамыру, зэгурыIуныгъэмрэ насыпымрэ дыщымыщIэу, щIэблэ узынщэ диIэу дигъэпсэуну.

Псынабэ щащIа мэжджытыр дунейм тетыхукIэ ар езыгъэухуахэм, абы хэлэжьыхьахэм, зи мылъку хэзыльпъхьахэм я псапэм хэхъуэнущ. Алыхьым минкIэ яхуигъэбагъуэ!

Iуэхугъэфащахэу ШэкIыхьэщIэ Хьусен, Мэремыкъуэ Ахьмэдхэн, Индарокъуэхэ Жантыгъуэн, Жантемир, Джэху, Къэжэр Жэмалдин сымэ, нэгъуэщIхэри.

Зыужьныгъэм и гъуэгукIэ

Зауэр иужри цIыхухэр мамыр гъащIэм пэрыувэжащ, Iпэмэ хуэдэу, ахэр жьыджэру пэрытт мэкъумэш лэжьыгъэм, Iэщ гъэхъуным. Октябрь Иныр илъэс 13 зэрырикъуам и щIыхькIэ цIэ зыфIащауэ Псынабэ щызэхэт колхозым зауэ нэужьым КПСС-м и Секретарь Нэхъыщхьэ Хрущёв Никитэ и цIэмкIэ еджэ хуащ. Арщхьэкlэ зы илъэс нэхъ дэмыкIыу зытетам техьэжащ. ИтIанэ «Комсомольский» совхоз ящIащ. Къыщыхъуа щыIэщ Псынабэ и мэкъумэш хозяйствэр Iэщ щагъашхэ «Къэхъун» совхозым и зы къудамэ щыхъуа. 1969 гъэм пхъащхьэмыщхэ щагъэкI «Псынабэ» совхоз фIащыжри, щхьэхуэ ящIыжащ. ХозяйствэщIэм и унафэщI хуащ Индарокъуэ Iэюб.

Зыужьныгъэм и гъуэгум теува псынабэдэсхэм ехъулIэныгъэ инхэр иужь илъэс 50-м зыIэрагъэхьащ. «Знак Почёта» орденыр я лжьыгъэфIым кьыпэкIуащ ВДНХ-м хэтахэу Мэремыкъуэ Мэржан, Индарокъуэ Жантемир, Шакъ Жантемыр, ХьэбытIэжь Абдул, Мэремыкъуэ Ахьмэдхан сымэ. Жылэ Хьэутий абы ГъащIэдэкI Бэракъ Плъыжьри дыщIигъужащ.

Псынабэдэсхэм сыт щыгъуи пхъащхьэмыщхьэ, хадэхэкI бэв къехьулIэрт. Абыхэм я къехьлIэжьгъуэм ирихьэлIэу илъэс кьэс кърагъблагъэрти зэдагъэIэпыкъурт Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, Медицинэ, Педагогикэ училищэхэм я студентищхэр.

Нобиэзэрыгушхуэн и куэдщ Псынабэм. Абы и бынхэр къэрал, муниципальнэ, сыдыщIэ кIуплъыкIэхэм, егъэджэныгъэм, щIэныгъэм, гъащIэдэкIым пэрытщ, Хэкури лъаэри ирагъэфIакIуэу.

● Щэнхабзэ

Республикэм щынэхъыфIхэм хабжэ

Къуажэм Щэнхабзэмкlэ и унэр республикэм щынэхъыфIхэм хабжэ. Ар нэхъыжьхэми, зи щIалэгъуэхэми, ныбжьыщIэхэми я кIуапIэщ.

ПСЫНАБЭ Щэнхабзэмкlэ и унэр 1987 гъэм яухуащ. Илъэс щэщI нэблагъэ дэкIри, ар кьаиэ щымыIэу зэрагъэпэщыжащ икIи Къэбэрдей-Балъкъэрым щынэхъ уардэхэм ящыщ зы хуащ. Къуажэ куэдым щалэщIэхужа кинор мыбы кьыщагъэльагъэ, артист цIэрыIуэхэр кьыщрагъэблагъэ, концертхэр щекIуэкI кьудейкъым абы. Мыращ здэщыIэр къуажэ администрацэм, Iуэхугъуэ куэд щызэфIагъэкI центрым, библиотекэм, полицэм и щIыпIэ пунктым я хэщапIэхэр.

КъищынэмыщIауэ, Щэнхабзэмкlэ унэм ныбжьыщIэхэм пэжьыгъэшхуэ щыщрагъэкIуэкI. Адыгэ къафэм, щыгъэ зэIущэм щыхуищэм щIигъу къокIуалIэ. Абыхэм я Iэхуэхэр дагъуэншэу кьызэрегъэпэщ гупжьейхэмкlэ художественнэ унафэщI Балъкъэр Iэсият. Индарокъуэ Iэминэ Щэнхабзэмкlэ унэм и художественнэ унафэщIщ, Хьэмгъуокъу Элинэ хореографщ.

ЦIыхухэр арэзы ящI

Псынабэдэсхэм Iуэхутхьэбзэ куэд щыхуащIэ къуажэ пощтым. Абы и лэжьыгъэр сыткIи тэмэму зэтеухуащ.

● Лэжьыгъэм щыпэрытхэр

Хьэутий и пщIэр

Илъэс плIыщIым щIигъукIэ къуажэ губгъуэм илэжьыхьащ механизатор цIэрыIуэ ЖЫлэ Хьэутий. Нобэми и гур абы хуопабгъэ.

И НЫБЖЬЫР илъэс пщыкIутку ирикъуэу арат къалэн пыухыкIа иIэу Хьэутий Псынабэ губгъуэм щихьам: Хьуран Амырхэн и тракторым и прицеп пыщIэу ар ягъэкIуат.

ЩIалэ набдзэгубзаплъэр псынщIэу лэжьыгъэм хэзэгъащ икIи мыгувэу механизатор Iэщ Iагъэр зригъэзгъэтри, «ГъущIышым» щэсащ. Илъэс плIыщым щIигъукIэ а тIур къыздэгъэгурыкIуащ. ЩIы щхьэфэ мащIи къызэрагъэдзэкIакъым абы и пхъэIэщэ лъэщхэм, гъавэ мащIи кIрахьэлIэжакъым.

Жылэ Хьэутий и лэжьыгъэ хьэлэлым хуэфащэн пщIэ игъуэтащ. Абы къэралым кьыхуигъэфэщащ «Щыхьым и Дамыгъэ», ГъащIэдэкI Бэракъ Плъыжь орденхэр, Лениным и цIэкIэ щыIэ юбилей медалыр, нэгъуэщI дамыгъэ лъапIэ куэди.

Лэжьыгъэ къудейкъым Хьэутий къызэрыпсэур. Абырэ и щхьэгъуэсэмрэ къуищрэ пхъуитIрэ зэдагъэутащ икIи щIэныгъэрэ гъэсэныгъэ дахэрэ иратауэ пщIэрэ щыхьрэ яIэу дунейм тетщ. И гурыфIыгъуэ нэхъыщхьэщ къуэрылъ-пхъурылъхухэр къыщыдзэхуэсыжыр. Абыхэм кърат дэрэжьгъуэр пхуымыIуэтэнщ.

ЖылэгъэIэпхъуэм и лъэхъэнэм

Адыгэ къуажэхэм я нэхъыбэр иджыпсту зэрыс щIыпIэхэм зэрыщетIысэхрэ куэд щIакъым. Илъэсищэрэ щэ ныкъуэрэ, щитI ипэкIэ Урыс-Кавказ, зауэжьым кьелахэр, зэхэзехуэн ящIа-хэр жылэу зэхэтIысхьэжащ. Аргуэру зы лIэщIыгъуэ дэкIри, къуажаззэхэгъэкI Совет властым къахильхьащ. Абы и къалэн нэхъыщхьэт километрипщI бжыгъэхэр выгурэ шыгукIэ махуэ къэс зэпачу губгъуэр зезыхьэ мэкъумэшыщIэхэр жыжьэу пхыдза я щIы Iыхьэхэм пэгъунэгъу щIыныр. Апхуэдэу къэунэхуаxэм ящыщщ Мэрзэхъу, Шытхьэпэ, Джэрмэншык, Уэзрэдж, Псыкуэд, Зэрэгъыж, Ерокъуэ жылэхэм, адрейхэми хуэдэу, къыхагъэIэпхъукIа Псынабэ къуажэри.

Къуэжьыкъуей (иджы Шэрэдж Ищхъэрэ) къуажэм и щыр Шэрэдж псым и Iуфитlым щызэбгрыдзат. Абы мэкъумэшыщIэхэр хуабжьу гугъу иригъэхьырт: улъэмэ плагъу губгъуэхэм унэсын папщIэ, къэкIыгъэм и елэжьыгъуэм и гуащIэгъуэ дыдэ гъатхэмрэ гъэмахуэмрэ псыр къиуа иужькIэ, гъуэгуанэ кIыхь кьыпакIухьын хуей хъурт. Арати, зэманри къарури пщIэнэшу яфIэкIуэдырт, гъавэри зехьэ хьуртэкъым.

1924 гъэм Къэбардей-Балъкъэрым щыщIадзащ зи щIы Iыхьэхэр жыжьэ щыIэ къуажэхэм цIыхухэр къыхэгъэIэпхъукIауэ абыхэм унагъуэу щыгъэтIысыным. Апхуэдэ Iуэхугъуэ къыхуэкIащ Шэрэдж Ищхъэрэмэ. 1927 гъэм гъатхэпэм и 14-м зэхэта къуажэ зэхуэсым унафэ къыщащтащ Шэрэдж псым зы хьэблэ зэпрагъэIэпхъукIыну. Дауи, адэжь лъапсэр ибгынэну зыри хуейтэкъым. Апхуэдэу щыхъуэм къуажэр щы иращыкIри, пхъэидзэ ящIащ. Абы ипкъ иткIэ Iэпхъуэну кьатехуащ Хьэзанашей хьэблэм щыпсэуэхэм, псори зэхэту унагъуэ 185-м.

Нобэрей Псынабэм и щIым япэу итIысхьаxэм ящыщщ Шакъ Мурид, Къэгъэзэж Шу, Хьэбытlэжь Мысост, Балъкъэр Амфохьим-хьэжьым и къуэ Щамил пхъэм къыхищIыкIа мэжджытым и пIэкIэ, илъэс 80 нэблагъэ дэкIа и ужькIэ, абы и къэрзырлъхъ Марие нэхъ екIужу, нэхъ иныкъу Тхъэм и унэ дахэ къыщалъхуа жылэм зэрыдригъэщIыхьар. Ар гъащIэм и зыужьныгъэщ.

Мыбдежым Iэмал имыIэу къыхэщIыпхъэщ: шэч хэмыльу, «Мэжджыт нэхур» зи жэрдэмри абы и уэхунигъэм и Iэтащхьэу щыта Хьэкъун Мурид, мэжджытым и проектыр зыщIа Логоватский Юрий, конструктор Абазэ Хьанэмэт, «Къэббалъкъстройматериалы» АО-м и генеральнэ директор Нэгуэй Вячеслав, Нарткъалэ щыIэ химкомбинатым и унафэщIа ЛIыхъужу Хьэжмурид, КъБКъУ-м и егъэджакIуэ Тlажь Борис сымэ, нэгъуэщIхэри. ШэкIыхьэщIэр сыт щыгъуи и гуапэу тепсэлъыхьырт Къэбэрдей-Балъкъэрым и апэ Президент КIуэкIуэ Валерэ куэдкIэ къызэрыдэIэпыкъуэм. Псынабэ дэт мэжджытым нобэр къыздэсым и нэIэ трегъэтщ КъБР-м транспортымрэ гъэсу хозяйствэмкIэ и министру и щыта Сунш Ануарбий.

Мэрем змэзэыр щекIуэкIым и деж «Мэжджыт нэхум» къыщызэхуос Псынабэ, Къэхъун, Шэрэдж Ищхъэрэ, Нарткъалэ, уеблэмэ Налшык къикIахэр икIи ахэр ШэкIыхьэщIэ Марие иригъэщIа Тхъэм и унэм Алыхьым щолъэIу ди щIыналъэр мамыру, зэгурыIуныгъэмрэ насыпымрэ дыщымыщIэу, щIэблэ узынщэ диIэу дигъэпсэуну.

Псынабэ щащIа мэжджытыр дунейм тетыхукIэ ар езыгъэухуахэм, абы хэлэжьыхьахэм, зи мылъку хэзыльпъхьахэм я псапэм хэхъуэнущ. Алыхьым минкIэ яхуигъэбагъуэ!

● Дин

Шэкlыхьэщlэ Мариерэ абы иригъэщIа мэжджытымрэ.

«Сэ къыздэсщтар фэ къыфхуэзгъэнаращ»

«Мэжджыт нэхур» Псынабэ дригъэщIыхьащ профессор, педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор ЩэкIыхьэщIэ Мариехьажи ЩамилI и пхъэм. Уэуэныгъэр екIуэкIащ 1991 гъэм щыщIэдзауэ 2006 гъэ пщIондэ. Мы дунеишхуэм сэ сыщызырикIщ. Сэ сызыпэпс къудамэу араш. Ар къехуэхащ - и пIалъэр къэсати - икIи сэ къыздэсщтар фэ къыфхуэзгъэнаращ. Адрей псори кIуэдыжащ».

И ГъащIэм и кIэух илъэс тIощIыр Псынабэ щригъэуху мэжджытым къанэ щIагъуэ къэмынэу тезыгъэкIуэда ШэкIыхьэщIэ Марие и иужьрей гупсысхэм философие куу хэльщ. Абы иджыри зэ кьыбгурегъаIуэ цIыхур дунейм къыщIытехьэр мылъку куэд, кьулыкъу лъагэ зригъэпэщыну зэрыармырар, атIэ Iуэхугъуэфэхэр, псапэ илажьыну, щIэблэ узынщэ къигъэнэну къызэрыпэщIэлъэыр. ИкIи зэрымыщIэкIэ къэхъуауэ аракъым ШэкIыхьэщIэ Иброзрэ Тlажь Борис сымэ, нэгъуэщIхэри. ШэкIыхьэщIэр сыт щыгъуи и гуапэу тепсэлъыхьырт Къэбэрдей-Балъкъэрым и апэ Президент КIуэкIуэ Валерэ куэдкIэ къызэрыдэIэпыкъуэм. Псынабэ дэт мэжджытым нобэр къыздэсым и нэIэ трегъэтщ КъБР-м транспортымрэ гъэсу хозяйствэмкIэ и министру и щыта Сунш Ануарбий.

Мэрем змэзэыр щекIуэкIым и деж «Мэжджыт нэхум» къыщызэхуос Псынабэ, Къэхъун, Шэрэдж Ищхъэрэ, Нарткъалэ, уеблэмэ Налшык къикIахэр икIи ахэр Шэкlыхьэщlэ Марие иригъэщIа Тхъэм и унэм Алыхьым щолъэIу ди щIыналъэр мамыру, зэгурыIуныгъэмрэ насыпымрэ дыщымыщIэу, щIэблэ узынщэ диIэу дигъэпсэуну.

Псынабэ щащIа мэжджытыр дунейм тетыхукIэ ар езыгъэухуахэм, абы хэлэжьыхьахэм, зи мылъку хэзыльпъхьахэм я псапэм хэхъуэнущ. Алыхьым минкIэ яхуигъэбагъуэ!

Шэрэдж и Iуфэм зыщызыуэщIа Псынабэ къуажэу зэрытIысрэ илъэс 90 ирокъу

● Япэ Iэтащхьэ

МащIэми, гуащIэт



Зыгъэл Залымджэрий и бынхэр дэщIыгъуу.

Шэрэдж Ищхъэрэ къиIэпхъукIыу Псынабэ къэзыгъэунэхуахэм яхэтар Зыгъэлхэ я зы унагъуэщ. Ар 1883 гъэм къалъхуа Залымджэрийт (ЦунэкIи еджэрт). Абы и пщэ къыдэхуащ жылэщIэ тIысам и унафэ щIыныр.

А ЗЭМАНЫМ щIэныгъэ зиIэхэр мащIэ дыдэт. Зэреджэфым, зэрытхэфым, урысыбзэ мащIэу зэриСоветым и тхъэмадзу хахащ. Абы хэлъхьэныгъэшхуэ хуищIащ Псынабэр лъэ быдэкIэ увыным.

ИужькIэ Зыгъэлым нэгъуэщI къулыкъу лъагэ зыбжани зэрихьащ: райпом и унафэщIу щытащ, къуажэм потребобществэ къыщыIэзригъэпэщри, абы и пашэ хъуащ, колхозым и тхъэмадзуи лэжьащ.

ГуГуащ ар къызыхэкIар къэпхутэну, ауэ властыщIэмрэ гъащIэщIэмрэ илъэсищэ нэблагъэ и пэкIэ зыгъэувахэм я нэхъыбэр абы ихьыжащ. Апхуэдэу къыщыщIащ Зыгъэл Залымджэрии. 1938 гъэм щыщхьэуIум и 29-м шэджэгъуашхэ унэм кьекIуэлIэжа лIыр НКВД-м и лэжьакIуэхэм яубыдри, дашащ. Абы лъандэрэ ар и Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ зэи ялъагъуэжакъым.

Залымджэрий и щхьэгъусэм дэщIыгъуу пщIантIэм къыдэнат хъыджэбзитIрэ зы щIалэрэ. Iэубэчыр и ныбжьыр абы щыгъуэм илъэс пщыкIубл ирикъуат. Дзэ Плъыжьым къулыкъу щищIэу Хэку зауэшхуэр къэхъейри, къигъэзэжакъым.

... Илъэс 79-рэ дэкIри, Псынабэ къуажэм и Iэтащхьэ хъуащ Зыгъэл Залымджэрий и пхъурылъхум и хъуэм и къуэ Дыщэкl Тимур. ЩIэблэнэшэу къэнакъым лIы гуащIафIэр. Адрей ипхъури ГъэуплъащIэхэ яшэри быныфIэ хъуащ.

Япэ классиплI еджапIэ

Къуажэ щхьэхуэу щытIысакIэ Псынабэр хуэныкъуэт сабийхэр щрагъэджэн. 1934 гъэм школ ухуэныгъэм щIадзащ. икIи къыкIэлъыкIуэ илъэсым хьэзыр ящIащ. Хьэкъуэн Тыгъуэн и унэм папщIэ игъэжа ятIэ (сэман) чырбышхэр къаритри. Апхуэдэу жылэм къыдэхутащ классиплI щIэныгъэ щрагъэгъуэт пэщIэдзэ еджапIэ.

ШКОЛЫЩIЭР интэкъым. Зэрыхъур классиплI щеджэн пэшхэр, егъэджакIуэхэр, унафэщIыр зыщIэсынхэрат. Абы хэтт хамэ щIыпIэ кьикIа егъэджакIуэхэр щыпсэунущхэ. ЕджапIэм и япэ унафэщI хъуащ Глаголевэ зи унэцIэ урыс цIыхубзыр. ИужькIэ ар щхьэгъусэ хуэхъуащ къуажэ Советым и унафэщIхэм я ящыщ зыуэ лэжьа Тэн Тэзрэт. Къуажэм и япэ егъэджакIуэхэу щытащ Къэжэр Хьэбцынэ, Гъубжокъуэ Шагъир, Монич Игорь, Къэбардэ ТIэлиб, БытIэ Хьэжумэд сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЯтIэ чырбышым кьыхэщIыкIа школыр блэкIа лIэщIыгъуэм и 60 гъэхэм пщIондэ щытащ. 1964 гъэм Псынабэ еджапIэщIэ щаухуащ икIи ар курыт школ хъуащ. Илъэс зыбжанэ ипэкIэ абы пэшхэр къыпащIыхьыжри. Къанэ щымыIэу зыхуэят хуагъэзэжри, курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт Iуэхущ1апIэ бэлыхь хъуащ. Иджыпсту абы школакIуи 151-рэ щоджэ (мы гъэм ятэ классым кIуащ сабий 31-рэ, етIанэгъэ апхуэдизым унафэщI егъэджакIуэ гупым я къаруи зэфIэкIи ирахьэлIэ я еджакIуэхэм щIэныгъэ куу, гъэсэныгъэ дахэ хальхьэн папщIэ икIи зэрыгушхуэныр я мащIэкъым. Псынабэдэс куэдым ехьулIэныгъэкIэ къаухащ ди республикэми къэралми я еджапIэ нэхъыщхьэ нэхъыфIхэр икIи гуащIэдэкI лэжьыгъэм псэ хьэлэлкIэ хэтщ.

Сурэтхэм: **Псынабэ япэ школыр щызыIуха Хьэкъуэн Тыгъуэнрэ нобэрей къуажэ егъэджакIуэхэмрэ.**

Абыхэм ирогушхуэ

ЩIэныгъэлIхэр

ЩIэныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа цIыху зыбжанэ къыдэкIащ. Абыхэм я лъагъуэр пхишащ я къуажэдэсхэм ящыщу япэу зи диссертацэр пхызыгъэкIаУэ щыта Шыд Лиуан.

ШэкIихьэщIэ Марие - педагогикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор
Хьэкъун Тимур - экономикэ щIэныгъэхэм я доктор
Индарокъуэ Светланэ - медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат
Теувэ Аслъэн - медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат
Хьэбытlэжь Сулътlан - экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат
Хьэкъун Жаннэ - медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат
Чэрим Борис - медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат
Чэрим Марат - медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат
Шокъум Раметтэ - экономикэ щIэныгъэхэм я кандидат
Шыд Лиуан - физико-математикэ щIэныгъэхэм я кандидат

Парт, къэрал къулыкъущIэхэр, судыщIэхэр

Парт лэжьакIуэу 8 (абыхэм ящыщу 2-р - райкомым и япэ секретарь, 3-р - райкомым и секретарь, 1-р обкомым и инструктору, комсомолым и кьалэ комитетым и секретару - 1, ВЛКСМ-м и япэ секретару - 1), къулыкъущIэу - 22-рэ, район судым и тхъэмадзу - 1, районым и зэзыгъэкIуж судьяуэ - 1 Псынабэ къыдэкIащ.

Архэст Хьэсбий - КЪБР-м и Парламентым и депутат, СССР-м спортымкIэ и мастер,
Балъкъэр Тыгъуэн - КъБАССР-м и мэкъумэш хозяйствэм и лэжьакIуэхэм я обкомым и Советым и тхъэмадэ,
Балъкъэр Хьэтlиф - Къэбэрдей-Балъкъэр обкомым и инструктор,
Ерокъуэ Борис - КЪБР-м лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымрэ щIэныгъэ и министрым и къуэдзэ,
Индарокъуэ Башир - «Къэббалъкъэмежкколхозстрой» зэгухьэныгъэм и унафэщI,
Индарокъуэ Мухьэмэд - «Аруанагропромсервис» зэгухьэныгъэм и тхъэмадэ,
Къэжэр Нажмудин - КЪБР-м и къэрал псэупIэ инспекцэм и унафэщI,
Къэжэр Рустам - КЪБР-м и Iэтащхьэм и дэлэпкъуэгъу,
Мэремыкъуэ Iэбубэчыр - Аруан районым и статуправленэм и унафэщI,
Теувэ Алексей - Нарткъалэ нефтебазэм и унафэщI,
Теувэ Хъанбий - КПСС-м и Дзэлыкъуэ райкомым и япэ секретарь,
Тхьэзэплъ Алексей - КЪБР-м и Суд Нэхъыщхьэм и федеральнэ судьяр,
Тхьэзэплъ Руслан - ВЛКСМ-м и Налшык къалэ комитетым и япэ секретарь,
Хьуран Хьэжмурид - КПСС-м и Аруан райкомым и япэ секретарь,
Хьэбытlэжь Хьэбас - Аруан районым лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьынымрэмкIэ и управленэм и къудамэм и унафэщI,
Хьэбытlэжь Арсен - КЪБР-м и МВД-м езым и шынагъуэншагъэмкIэ и къудамэм и унафэщI,
Хьэкъун Мухьэдин - КПСС-м и Дзэлыкъуэ райкомым и секретарь,
Хьэкъун Суфьян - Нарткъалэ шэ заводым и директор,
Хьэкъун Тимур - ФСНП-м КЪБР-м щIиIэ управленэм и оперативнэ къулыкъуэм и унафэщI,
Шыд Лиуан - КЪБКЪУ-м и физико-математикэ факультетым и декан,
Шыд Хьэзрит - Аруан районым егъэджэныгъэмкIэ и къудамэм и унафэщI,
ШэкIыхьэщIэ Хъусен - Налшык шэ заводым и директор,
Iэщнокъуэ Анатолэ - Нарткъалэ щIакхъуэ заводым и унафэщI.
Iэщнокъуэ Мухьэмэд - Аруан районым и раис-Iимам.

Къэрал дамыгъэхэр зыхуэгъэфэщахэр

Балъкъэр Тыгъуэн - КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и щIыхь тхылъу 3 иIэщ,
Безыр Жаннэ - РСФСР-м и цIыхубэ егъэджэныгъэм и отличникщ,
Индарокъуэ Башир - РСФСР-м щIыхь зиIэ и механизаторщ,
Индарокъуэ Мухьэмэд - КЪБР-м щIыхь зиIэ и механизаторщ,
Къэжэр Нажмудин - КЪБР-м и щIыхь тхылъ къратащ,
Мэремыкъуэ Кушбий - СССР-м ЗыхъумэжныгъэмкIэ и ЦIыхубэ Комиссариатым и щIыхь тхылъ кьыхуагъэфэщащ,
Ныр Риммэ - РСФСР-м и цIыхубэ егъэджэныгъэм и отличникщ,
Теувэ Любовь - РСФСР-м и цIыхубэ егъэджэныгъэм и отличникщ,
Теувэ Хъанбий - КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и щIыхь тхылъ къратащ, КъБАССР-м щIыхь зиIэ и механизаторщ,
Тхьэзэплъ Алексей - КЪБР-м щIыхь зиIэ и юристщ,
Хьэбытlэжь Станислав - КЪБР-м и Совет Нэхъыщхьэм и щIыхь тхылъ кьыхуагъэфэщащ,
Хьэбытlэжь Хьэбас - КЪБР-м и цIыхухэм социальнэу къащхьэщыжьынымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ,
Хьэхъупащlэ Амырхъан - КЪБР-м щIыхь зиIэ и уэрэджыIакIуэщ,
Чэрим Борис - КъБАССР-м, РСФСР-м щIыхь зиIэ и докутырщ,
Шыд Хьэзрит - РСФСР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэщ, СССР-м и цIыхубэ егъэджэныгъэм и отличникщ.

● Нэхъыжьыфlхэр

Рейхстагым и цIэр тритхат

Мэремыкъуэ Ахьмэдхъан фIыуэ къалъагъуу, пщIэ кьыхуащIу Псынабэ дэсащ. А псори абы къыхуихьащ псэемыблэжу бийм зэрыпэщIэтамрэ и гуащIэдэкI хьэлэлымрэ. Ахьмэдхъан ящыщщ фашистхэр Берлин нэс зыхужахэм. ИужькIэ илъэс плIыщIкIэ ар щылэжьащ Псынабэ щызэхэта колхозымрэ совхозымрэ. Зауэми гуащIэдэкIми къэрал дамыгъэ лъапIэхэр кьыщыхуагъэфэщащ.

Мэремыкъуэ Ахьмэдхъан

ХЭКУ зауэшхуэр къэхъери махуэ тIощI дэкIауэ арат, пIащIэгъуэкIэ Налшык къыщыщIэуха лъэсыдзэ училищэм и курсант Мэремыкъуэ Ахьмэдхъан щыхъуам. Абы псынщIэу къыпхъатэрт дзэ Iэщ1агъэлIхэм зыхуагъасэхэр икIи офицер бэлыхь кьыхэкIыну кьыщIэкIынт. Арщхьэкlэ куэд дэмыкIыу зауэм и мафIэ лыгъейм Армавир и деж щыхадзащ. Кьыеджакхэм ящыщу мащIэщ абы кьелар.

Училищэр зэбграуТыпщыжа и ужькIэ, Ахьмэдхъан топгъауэ полкым связисту ягъэкIуащ. Ар зыхэта гупыр Новороссийск и деж зауэ гуащIэм къыщыхэхутащ икIи хэщIыныгъэшхуэ щигъуэтащ. А къалэр хуит къащIыжа и ужькIэ, Тулэ областымкIэ яунэтIащ. АдэкIэ къыпэщылтъ Украинэм, Польшэм, Германием я щIыналъэхэр нэхъыбэм лъэсу зэпичыну.

«Одер псым дыщызэпрыкIым жэщитху-махуитхукIэ дымыувыIэу дыззэуащ. Пъэныкъуитым я зэпыщIэныгъэр зэпымыууэ къызэрызэгъэпэщам къыхэкIыу абы щыгъуэм «За отвагу» медалыр кьыхсхуагъэфэщауэ щытащ. Аращ топышэ къэуам сыкъыуиудзу контузие сыщыхъуари, - игу кьигъэкIыжырт Ахьмэдхъан. - Одер и ужькIэ лъэпощхьэпоушхэ диIэжакъым икIи Берлин лъэныкъэ псомкIи дыщыбгъэрыкIуащ. ЩIыр мафIэм исыжырт, унэхэр кьызэтещахэрт. А псоми дыкIуэцIрыкIыуэ бийм дебгъэрыкIуэрт, текIуэныгъэм и махуэр нэхъ псынщIэу кьызэрыдгъэсыным дыхуэпабгъэу.

УIэгъэ хъуахэри, я нэпсыр кьежэхыу, командирхэм елъэIурт госпиталым ямыгъэкIуэну. Псори хуейт Берлин къэзыщтахэм яхэтыну, бий хьэщхьэрыIуэр и гъуэмбым ирахьыхьжыну».

РЕЙХСТАГЫМ и блыным и цIэ-унэцIэр тритхэри, Мэремыкъуэ Ахьмэдхъан къызэтеувыIэжащ. Абы нэсу зыхищIащ илъэсиплIкIэ екIуэкIа гущIэгъуншэ зауэр зэриухар, иджы и унэ екIуэлIэж зэрыхъунур. Жащи махуи арат абы и хъуэпсапIэр. Арщхьэкlэ иджыри илъэс псокIэ зиIэжьэшх хуей хъуащ. Пынабэ кьыщыкIуэжар 1946 гъэращ. Абы и бгъэм кьыхэлыдыкIырт «За отвагу», «За взятие Берлина», «За победу над Германией» медалхэр, и пхъуантэм дэлъ къэралым и дззэешэ нэхъыщхьэ Сталин Иосиф кьыхуигъэкъа фIыщIэ тхылъыр.

Къуажэм кьызэригъэзэжу гуащIэдэкI лэжьыгъэм пэрыувэжащ. Бригадиру губгъуэм итащ, илъэс тIощIым щIигъукIэ гъэш фермэм и унафэщIу щытащ. Сыт хуэдэ Iэнатlэ кьыхуагъэфащэми гурэ псэкIэ хьэлэлу зэрихьащ икIи зауэм кьыщрата медалхэмрэ и ужькIэ кьыкIэлърагъэхьыжа Хэку зауэшхуэм и орденым и етIуанэ нагъыщэмрэ дыщIигъужащ «Знак Почёта» орденыр.

И щхьэгъусэ Алижан и гъусэу бынитху зэдапIащ икIи и ныбжьыр хэкIуэтауэ, къуэрылъху-пхъурылъхухэм, абыхэм я быныжхэм я гуфIэгъуэ куэд илъэгъуауэ дунейм ехьжащ. И ахърэтыр нэху Тхъэм ищI!

● Спорт

Зи къэкIуэнур дахэхэр

Спортым и мастеру 3, спортым и мастерым и кандидату зыбжанэ къыдэкIащ Псынабэ.

АРХЭСТХЭ Ануарбийрэ Хьэсбийрэ, ХьэбытIэжь Тобий сымэ СССР-м спортымкIэ и мастерщ, Ахэр щIалэгъуалэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ я щапхъэщ.

БецIыкIу Хьэзрэт кикбоксингымкIэ и нобэрей гъэсэнхэм ехьулIэныгъэ инхэр республикэми къэралми щаIащ. Нэхъыбэж зэрахуэсфIэкIыными шэч хэльхъым. Илъэс къэс Псынабэ щекIуэкI «Спортыр терроризмэм и бийц» къыхуеджэныгъэм щIэт зэхъэзэхуэм Къэбэрдей-Балъкъэрми адрей щIыпIэхэми къикIа ныбжьыщIищэхэр кърохьэлIэ. Абыхэм я зэфIэкIыр здыныкъэ зэпеуэ гуащIэхэм щызэхагъэкI, ауэ нэхъыбэм текIуэныгъэр хэгъэрейхэм яIэрохьэ.

Кикбоксингым къыщынэмыщIауэ, псынабэдэсхэр футболым хуабжьу дехьэх. Абыхэм я ветеранхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ республикэм щынэхъыфIхэм ящыщщ.

Сурэтхэм: **бэнэкIэ хуитымкIэ СССР-м спортым и мастер, КъБР-м и Парламентым и етIуанэ зэхуэсыгъуэм и депутату щыта Архэст Хьэсбий, Псынабэм и спортсмен ныбжьыщIэхэр.**

● Гъэсэныгъэ

ЦIыкIухэм я макъ жьгъырухэр къыщоIу

Хэку зауэшхуэр къэмыхьей щIыкIэ хуажэм сабий сад къыщызэIуахащ. Ар ирагъэфIакIуэурэ нобэм къэсащ икIи псынабэдэсхэр зэрыгушхуэхэм ящыщ зыщ.

ТХЬЭКIУМАЩIЭ Фаинэ зи унафэщI сабий садым къекIуалIэ цIыкIуи 125-м я адэ-анэхэм быдэу ящIэ я бынхэр зыхуей хуэзэу гъэсакIуэхэм зэрызэрахьэр. Къэуат ин зыщIэлъ ерыскъыхэкIхэмкIэ ахэр ягъашхэ, я нэгу зрагъэужь, тхэкIэ, еджэкIэ, бжэкIэ ящIэу школым хуагъэхьэзыр.

Къатитlу зэтет сабий садым къыщагъэсэбэп иджырей зэманым декIу гъэсэныгъэ Iэмал пэрытхэр. ЦIыкIуэхэри яфIэфI дыдэу абы къэкIуалIэ.

● Сату

Дэтщ жылэм тыкуэн зыбжанэ

Тыкуэн зыбжанэ дэтщ Псынабэ. Дэтхэнэми и лэжьыгъэр зыхуэунэтIар цIыхуэхэр зыщIэупщIэ ерыскъыхэкIхэмрэ хьэпшыпхэмрэ къахуэгъэпэщынрщ.

УНАГЪУЭ ущыхъукIэ куэд ухуей мэхъу. Ахэр псынщIэу икIи жыжьэ мыкIуэу псынабэдэсхэм щагъуэт къуажэкум щылажьэ тыкуэнхэм. Абыхэм щащэхэр уасэкIэ къеэзгъэрабгъуэ икIи фIагъ лъагэ яIэу щытщ.

Редакцэм къыбгъэдэкIыу

«Адыгэ псалъэ» газетым къыбгъэдэкIыу фIыщIэ ин яхудощI мы тхыгъэхэр гъэхьэзырыныкIэ хуабжьу къыдэдэIепыкъуэ, сурэтхэм ящыщ куэд тезыхыурэ къыпIэрызыгъэхьэжа лэжьыгъэм и ветеран **Теувэ Алексейр** Псынабэ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ **Хьэкъун Рустамрэ**.

2-нэ, 5-нэ напэкIуэцIхэр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Заурбэчщ.**

● КъулыкъущIэхэр

ЩIыпIэ Советым и унафэщIэхэмрэ администрацэм и Iэтащхьахэмрэ

Зыгъэл Залымджэрий
Шыд ХьэкIашэ
Теувэ Щэрэлыкъуэ
Тен Тэзрэт
ХьэбытIэжь Мэдж
Хьуажэ ХьэкIашэ
Къардэн Iэюб
Шакъ Машэ
Хьэх Жанхъуэт
Мэремыкъуэ Амырхъан
ХьэбытIэжь Зубер
Жужькуэ Полэ
Гъубжокъуэ Мухьэрбий
Индарокъуэ Джэху
Индарокъуэ Жантемыр
Шыд Хьэпагуэ
Хьэкъун Муhэед
Индарокъуэ Iэюб
Хьэбытlэжь Елизаветэ
Хьэбытlэжь Станислав
Шырыкъу Нажмудин
Дыщэкl Тимур
Хьэкъун Рустам

Колхозым и тхьэмадахэр

Шыд ХьэкIашэ
Теувэ Залымджэрий
Къардэн Iэюб
Апажэ Мухьэмэд
Сосмакъ Шэмсэдин
Езий Алий
Мэремыкъуэ Залмыхъан
Жамборэ Замудин
Индарокъуэ Жантемыр

Совхозым и унафэщIахэр

Беслъэней Владимир
Жамборэ МуIэед
Индарокъуэ Iэюб
Шэвлокъуэ Валентин
Езий Хьэжысмел
Мышхъуэжь Борис
Бэджрэт Юрэ
Мэремыкъуэ Iэбубэчыр
Бэрэгъун Владимир
Индарокъуэ Мухьэмэд
ЩIакIуэ Хьэсен

Зэгурыlуэрэ зэдэlэужу Псынабэ щыхэдопсэу адыгэхэр, тырку-месхетхэр, урысхэр, нэгъуэщI лъэпкъхэр. Къуажэм нобэ ущрохьэлIэ мыпхуэдэ унагъуэцIэхэм:

АбытIэ
Архэст
Багбанов
Балъкъэр
Бахъуэ
Бейтокъуэ
Биналиев
БытIэ
Гупэжьн
Гъубжокъуэ
Гъэнгъэпщ
ГъэуплъащIэ
ДыщэкI
Ерокъуэ
Жылэ
Жабатыр
Зыгъэл
Индарокъуэ
Кърым
Къумыкъу
Къэгъэзэж
Къэжэр
Лангиев
Мамедов
Мамхэгъ
Монич
Мурадов
Мышхъуэжь
Мэлей
Мэремыкъуэ
ПщыкI
Рзаев
Ризманов
Саматов
Сулым
Сэншокъуэ
Таиров
Теувэ
Тхьэгъэлэдж
Тхьэзэплъ
Тэн
Умар
Уэщро
Фомыт
Хабибов
Хамдиев
Хьуажэ
Хьуран
ХьуэкIуэн
Хьэбжокъуэ
ХьэбытIэжь
Хьэкъун
Хьэмдэхъу
ХьэхъупащIэ
Цветков
Шавкатов
Шакъ
Шахмурзаев
Шокъум
Шукриев
Шыгъушх
Шыгъэлыгъуэ
Шыд
Шырыкъу
ШэкIыхьэщIэ
Шэрыlужь
Щоджэн
Щомахуэ
ЩIакIуэ
Iэщнокъуэ

Жылэм узыщрихьэлIэ унагъуэцIэхэр

Къэрэгъулэ Зулумхан и ныбжьыр ильэс 90-рэ щыта. Ар Псынабэ щыпсэуу, Iэщ1агъэлIхэм я лъэныкъуэкIэ ящIэрт. Абы и ныбжьыр ильэс 90-рэ щыта Шыд Лиуан

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

ЩIыуэпсым хуэсакъын мурадкIэ

Ди къэрал псом унафэ щыэзымыгъуэт, цIыхухэри нэхъ зыгъэпIейтей Iуэхуэхэм ящыщщ кIэрыхубжьэрыхур здахьынур зэрамыщIэр. Псалъэм папщIэ, пластикым къуэхамыщIыкI щыIэкъым ерыскъыхэкIымрэ хьэпшыпхэмрэ зыгуэрым ирагъэзэгъэн хуейщи. Аэрраш нэхъыбэу къыдэзыщIейр кIэрыхубжьэрыхухэр зэрыддэзэр.

КЪЭРАЛ куэдым щадэжьркъым пластикыр. Къапщтэмэ, мы мазэм щыщIэдзауэ пакетхэр къущамытыж хъуащ Брюссель и тыкуэнхэм. Урысейми а Iуэхур къыщаIэт, ауэ зэман гъунэгъум абы унафэ зэрытрамыщIыхьыфынур гурыIуэгъуэщ.

Брюссель и тыкуэнхэм къыщащэхур тхыльымпIэ хъуржынхэм щрагъпхъэ хъуащ, абы ухуэмейм, уэ унэм къыздипхынщ къэпщхуар зэрыпгъпхъэн. Мы Iуэхур яблащ 2018 гъэр «КIэрыхубжьэрыху щыщымыIэм и илъэсу» Бельгием зэрригъэуву.

Фыщызгъэгъуэзэнти бжыгъэ гуэркэм. Европэм зы илъэсым хуэзэу пластик пакет тонн 800-м нэс къыщагъэсэбэп. А пакетхэр псынщIэу зэфIэтхъ щхьэкIэ, езыр бгъэкIуэдыжьыну гугъущ. Илъэси 100-м къыщыщIэдзауэ 400-м нэс щIым хуэмыгъэткIу пкъыгъуэщи, ипэраущ, здахьынур ямыщIэу яфыцэтрехьэ, етIуанэрауэ, щIыуэпсым къызэрымыкIуэу зэран хуохъу. Хэт зымылъэгъуар кIэрыхубжьэрыхум хэлъа пакетыр жьыбгъэм зэрихьэу губгъуэм илъу е жыг къудамэхэм фIэлъу. УэзрыщIыхум уроукIытэ щIыуэпсым апхуэдэ лей къытехьэу щыплъагъкIэ.

Франджыраш ящэ дыдэу щагъэкIуэдар пластик пакетхэр. 2020 гъэм а къэралым къыщыщIагъэкIыжьыкъым икIи щащэнкъым зэ фIэкI къамыгъэсэбэп тепщэнхэр, гуахъуэхэр, сэхэр, н.кь.

Европей къэралхэм щIыуэ яIэр мащIэщи, щыIэжхъу, зэрамыгъэзахуэ. Къурбхым, - жаIэ мы Iуэхум фIыуэ хэзыщIыкI Iэщ1агъэлIхэм. Урысейм щIышхуэ иIэщ, ауэ хэмыкIасэ щIыкIэ техьэн хуейщ Франджым, Бельгием, США-м, нэгъуэщIхэми я щапхъэм, армырамэ, щIыуэпсыр химие пкъыгъуэхэм Iисраф ящIыпэнущ, ахэр псымрэ ерыскъыхэкIхэмрэ хэлъу цIыхухэм къажьэхэуэжьынущ.

Къафэр зи Iэпэгъу

Нартан къуажэм щызэхэт, лъэпкъ къафэхэмкIэ щапхъэ зытрах «Вагъуэ цIыкIу» сабий ансамблым зэман кIэщIым юрыбыдэу хуэзфIэкIаIащ ди республикэм и мызакъуэу, къэрал псом и цIэр фIыкIэ щигъэIун. Илъэситхум къриубыдэу абы зыIэригъэхьа ехъулIэныгъэхэр мащIэкъым: «Дунейр къезыгъэлынур дахагъэрщ» дунейпсо телевизионнэ зэпеуэм и Гран-при саугъэтыр кIихьащ, «Москва и бжьыхьэ», «Дэрэжгъуэ», «Fairy Dance», «Хореограф Шершнев Виктор и саугъэт» урысейпсо зэхьэзэхуэхэм я лауреат хъуащ, нэгъуэщI зэхьыхэ куэдми зэфIэкI лъагэхэр къыщигъэлъэгъуащ.

Ансамблым и ехъулIэныгъэр псом ялъу щыIагъупхъэр абы и художественнэ унафэщI, КъБР-м гъуэздджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Къурашэ Эдик и дежщ. Iуэхур зэтриубэн папщIэ гугъуехьэм мымащIэу Iууами, псалъэм папщIэ, зыщагъэсэн пэш къудей иIэтэкъым, зыхуигъэувыжа мурадыр зригъэхъулIащ. Нобэ «Вагъуэ цIыкIуэр» республикэм щекIуэкI гуфIэгъуэ зэхьыхьэ псоми ирагъэблагъэ, цIыхухшхуэ къызэхуашэсу ансамблым и концерт щхьэхуи екIуэкIащ.

- Эдик, къафэр Iэщ1агъэ дауэ пхуэхъуа?

- Сызэрысабийрэ къэфэным сыдихьэхырт, сфIэфIт. Школым сыщыщIэсым Нартан къуажэм щызэхэт гупым, и ужькIэ «Шэджэм псыкъелъэхэр» ансамблым сыкъыщыфIэу щытащ. ЕджапIэ нэужьым Кооперацэмкlэ техникумыр диплом плъыжькIэ къэзухри, ди къуажэм дэт тыкуэнышхуэм и унафэщIу сагъэуващ. Къафэм сыщыщIэну зэманыр къызэрысу, сату щIапIэр зыхуэсщIырти, абы сыжэрт.

Къафэм си гур етауэ зэрыщытым си анэм гу льитэри, «Кабардинка» ансамблым сишауэ щытащ. Илъэс тIощIкIэ абы сыхэтащ. Иужькlэ Гъуаздджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэралинститутым хореографиемкIэ и къудамэр къэзухыжащ.

- Къафэри лIэужьыгъуэ зыбжанзу зэщхьэщокI. Уэ сыт хуэдэ нэхъ уигу дихьэр?

- Адыгэ къафэру щытмэ, сыт хуэдэри сфIэфIщ, ауэ «Уэркъ къафэр» псоми къахызогъэщхьэхукI. Къафэ хъэсыху езым и тхыдэ иIэжщ, ахэр псори гъэщIэгъэунэщ икIи удэзыхьэщ. Нэхъапэм щIалэхэмрэ хъыджэбзэхэмрэ иджы хуэдэу хуиту зэхуэзэу ягу илъ зэхуаIуатэу щытакъым. Ахэр щызырихьлIэр джэгурт, я гурыщIэр къафэбзэкIэ зэхуаIуатэрт. Мис апхуэдэу мыхьэнэшхуэ игъэзащIэрт къафэм.

- Иджыпсту ди щIалэгъуалэр, джэгум щыхэткIэ укIэлъыплъымэ, щэшан, ингуш къафэ псынщIэхэм нэхъ дихьэхауэ гу лъыботэ. Дауэ абы уэзрелпъыр?

- Лъэпкъ къэс езым и къафэ иIэжщ. Абы къегъэлъагъуэ ар зейм и хьэлыр, и щыIэкIэ-псэукIэр. Адыгэ къафэхэр щагъэзащIэкIэ уи нэгум къыщIагъэхьэ лъэпкъым и уардагъэр, абы и щыIэбагъ тхыдэ, щэнхабзэ къулей зэрыдэлъыр къыуагъащIэ. Джэгур щекIуэкIкIэ утыкум уилъадэу щыкIейуэ зыпщIу, кхъбжьхыу уитыныр къэзгъыркъым. Адыгэ джэгуми къафэми езым я хабзэ иIэжщи, абыхэм ушыгъуазэу утыку уихьэн хуейщ. НэгъуэщI лъэпкъхэм я къафэм я пщIэр зыкIи згъэмащIэркъым, ауэ адыгэ джэгу ущыхьыхьэкIэ абы и утыкум ипхьэн хуейр адыгэ къафэщ.

- «Вагъуэ цIыкIур» къыззэрыунэхуам и гугъу уззгъэщIынут.

- Си ныбжьыр нэсу къафэ утыкум сыкъыкIын хуей хъуами, Iэщ1агъэр Iэщ1ыб схуэщIакъым. Абы нэгъуэщIхэр хуезгъэсэну мурад цIысщIым, сабийхэм я бжьыщIыщIэздзащ. ЦIыкIуэм уадэлэжьэну гъэщIэгъэунэщ. Уафэгъум иц вагъуэхэм уахэплъэмэ, вагъуэ цIыкIу «къалъхуагъащIэр» адрейхэм къахэмыщIыщу, ауэ гу зылъыуигъатэу апхуэдэщ. Хуэм-хуэмурэ ар зэрыкъэзыхэм укIэпльыплъыну гуэхъуэщ. Мис абы изогъэщхь сызыдэлажьэ сабийхэри. ЗэфIэкI гуэр яхэлъу, абы адэжIэ зегъэужьын хуейуэ къокIуэ ахэр си деж икIи вагъуэ цIыкIум хуэдэу утыку къохьэ, аращ ансамблым а фIэщыгъэр щIестар.

- Ансамблым сыт хуэдэ мурадхэр иIэ?

- Иджыпсту зыхудогъэхьэзыр Санкт-Петербург хореографие гъуаздджэмкIэ щекIуэкIыну «GRAND PREMIUM» дунейпсо зэхьэзэхуэм.

- ЕхъулIэныгъэ фиIэну сынывохъуэхъу.

Епсэльар

ТАМБИЙ Заремэщ.

Экономикэ Политикэ

ЦIыхухэм псалъэ къызыхуагъуэт политикхэм щрагъэлейм деж

Америкэм и Штат Зэгуэтхэм къикIауэ Къурымым щыIащ Жыларгъуэм я жэрдэмхэмкIэ центрым и лIыкIуэхэр. ХьпIыгуныкъуэм щекIуэкIыр я нэкIэ зрагъэлъагъуу я хэкуэгъуэхэм жрагъэжьну я мурадщ щыIуфIэ дипломатиер къззыгъэсэбэпыну нужь ихьагъэм.

ХьэЩIЭХЭМ ящыщ Мец Кэтрин зэрыжиIэмкIэ, хуабжьу игу ирихьащ Симферополь и аэропортымрэ гъуэгухэмрэ. «Къалэри щIэращIэщ, цIыхухэри гуапэщ», - къыхигъэщащ абы.

Мы бзылъхугъэм Урысейм и щIипэкъакIуэхъым. Илъэс 25-кIэ уэзIэбэкIыжмэ, Кэтрин бын папщIэу ипIыну сабий зеиннищ Калининград къыщищтащ. Иджы езыри, и бынхэри, къуэрылъху-пхъурылъхуэхэри зыхуущIэкъур Урысеймрэ США-мрэ я зэхуущIыкIэр ирагъэфIэкIуэну, дуней псом мамырыгъэр щыгъэбыдэным щхьэпэну аращ.

- Дунейр шынагъуэ хъуащ, - жаIэ Кэтрин и щхьэгъусэ Майкл. - Сэ Къурымым сыкъыщIэкIуар фыззэгъэщIыхун папщIэщ. Дэ, цIыху къызэрыгуэкIхэр, политикхэр къэдгъэдэIуэфынущ. Къапщтэмэ, дэ дызэщхьщ, псори инджыкIыз бзэкIэ я урысыбзэкIэ дызэпсалъэмэ дызэхэгъуэщIапэну. Америкэм и цIыху къызэрыгуэкIхэм Къурымым щекIуэкIыр къафэIуэхукъым, сыту жыпIэмэ щыIэкIэ-псэукIэм теухуауэ езыхэр зыгъэпIейтейуэ яIэр мащIэкъыми. США-м щагъэзэкIуэжа щIэупщIэм къызэригъэпсэгъуамкIэ, американ къызэрыгуэкIхэм я процент 60-р хуейщ США-мрэ Урысеймрэ я зэхуаку зэгурыIуэныгъэ дэлъыну.

ХьэщIэхэм я мурадщ, ягъэзэжмэ, Къурымыр къаззэрыщыхъуам теухуа зэIущIэхэр ирагъэкIуэкIыну.

ГъащIэр къытхуэзыгъэкIэщIыр

Дохутырхэм зэрыжаIэмкIэ, Урысейми Европэми я цIыхухъуэр пасэу, щылэжьэфыну ныбжьым иту, дунейм щIехьжьым и щхьэусыгъуэр фадэ зэрефэраш.

- ФАДЭМ цIыхур зэриукIыр гурыIуэгъуэщ. ЦIыхухъуэм дежкIэ зэран псори зэпэтлъыту нэхъ Iейр наIуэ къэтщIыну къэхутэныгъэ едгъэкIуэкIати, фадэрауэ къыщIэкIащ,- жеIэ Урысейм Узыншагъэр хъумэныкIэ и министерствэм и НИИ-м и къудамэм и унафэщI Халтуринэ Дарье. - Я зэранагъкIэ фадэм къакIэлъокIуэ тутынир, наркотикыр, я узынщагъэм и чэзум зэрыкIалъамыгъэплъыр, пхъащ-хьэмыщхьэрэ хадэхэкIыу яшхыр зэрымащIэр.

Фадэм я нэхъ Iейр аркъэращ, Абы нэхърэ тIэкIу нэхъ щабэщ шагырымрэ пивэмрэ, ауэ ар куэду изыфыр фIым щымыгугъми хъунущ. Псалъэм папщIэ, шагъырыр фIыуэ щалъагъу Португалиемрэ пивэм япэ увыпIэр щиIыгъ Германиемрэ я цIыхухъуэр нэхъ гъащIэ кIэщIщ, цIыхухъуэр щемыфэ, ауэ щIэпхъаджагъэр щыкуэд Албаниемрэ нэхъ.

Аркъэм дихьэхыпахэм ящыщщ Скандинавиер, Финляндиер, Польшэр. Ауэ мы къэралхэм «зыкъащIэжри», ящэр ягъэмэщIащ, лъапIи ящIащ. Абы зыкъомкI къызэригъэувыIам и щIыхьэтщ ефэм я бжыгъэр зэрыхэщIамрэ цIыхухъуэхэр нэхъыбэрэ псэу зэрыхъуамрэ.

Урысейм мы Iуэху дыдэхэр нэхъ кIасэу къыщрахьэжьащи, эзкIэ тхужьIэнукъым абы къыпэкIуэнур. Шэч лъэпкъ къытедмыхьэу нэгъуэщIщ тхужьIэнур. Iэщ1агъэлIхэм трагъэныныхь: фадэ гуащIэкэр апхуэдизкIэ щхъухьащ, Iэпкъ-лъэпкъыр абы езауэ щIыкIэу, мащIэ-мащIэуращ зэрызэщIишэр. Араущи, цIыхум чэф мыхъун и гугъэу, зы стэканым адрейр кIэлъеГъакIуэ, мардэ жьхуаIэр имыщIэжу.

Дохутырхэм жаIэращи, фадэр зи нэрыгъым Iисраф ещI и гур, тхьэмщIыгъур, щхьэкуцIыр. Апхуэдэхэм нэхъыбэу бхъахкI зызыукIыжкэр, автомобиль зэжьэхэуэ, нэгъуэщI насыпнышагъэ къэзыгъэхъуэр.

Иджы дэ нэхъ дызыщыгъуаз эм теухуауэ. Iэщ1агъэлIхэм зэрагъэпщащ Ингушымрэ Осетие Ищхъэрэ - Аланиемрэ я цIыхухъуэхэм я ефэкIэр. Щыпсэу щыпIэкIи ерыскъыкIи мы лъэпкъитIыр зэрызэщхьэщыкI щыIэкъым, ауэ ингушхэр ику иту илъэситхуэкIэ нэхъыбэрэ мэпсэу осетинхэм нэхъ-рэ. Ар къызыхэкIыр иужьрейхэм зэрахабзэрщ гуфIэгъуэуи гуэвгъуэми щефэр.

ЩIэнэгъэлIхэм зэрыжаIэщи, цIыхур куэду зэтезыукIэ Iэщ1эм ещхь хъуащ фадэр.

Хамэхэм захуэгъэпщкIунукъым

Нэгъуэщ1 къэралхэм къикIыу Урысейм щылэжьэну, пIалъэкIэ щыIэну къакIуэ псоми я унэцIэ-хэр «цифровая платформа» къызэрагъэпэщым иратхэнущ.

МЫ IУЭХУР зи жэрдэмыр «Миграция XXI век» фондращ, ар къыщIрихьэжьари Iэпхъуэшапхъуэхэм я бжыгъэр дуней псом кIуэ пэтми нэхъыбэ зэрыщыхъуащ. Мы зэманым апхуэдэхэр цIыху мелуан 250-рэ мэхъу. Ахэр нэхъыбэу здэIэпхъуэ я къэралищым Урысейри хеубыдэ (япэр - США-щ, абы къыкIэлъокIуэ Германиер). Дунейпсо банкым къит бжыгъэхэм тещIыхьауэ къыбгъэлъагъуэмэ, Iэпхъуэшапхъуэхэм зы илъэсым щыпсэу къэралхэм.

ЗэрытщIэщи, щIэуфа куэд хэлъщ Iэпхъуэшапхъуэхэм я Iуэхум: хэт къэкIуар, сыт и мурадыр, дэнэ щылэжьэнур, щыпсэунур - а псори яхуэзэзыгъэзахуэ щыIэщ, зэрыгурыIуэгъуэщи, хабзэм ебакъуэу.

Иджы дэтхэнэ Iэпхъуэшапхъуэри я нэIэм щIэтынущ, Урысейм и гъунапкъэр къыщызэпиупщIа махуэм къыщыщIэдзауэ. Псори ятхынущ: къыщIэкIуар, Iэпхъуэшапхъуэу зэригъэтха-зэримыгъэтха, езым лэжьэну патент къищахуа е зыгъэлэжьэнум абы щхьэщитыкIыпхъэхэр зэфIэкIа, урысыбзэмкIэ экзамен ита, хэт и фэтэр щIригъэтха? Дэтхэнэми электрон картэ иратынущ, полицейр зыхуеину псори абы иту. Мы Iуэхур зэтеубла хъумэ, къэралым хуит имыщIа зыри Урысейм кхихьэфынукъым, апхуэдэ щыIэмэ, япэу къыщыуфыд и пIалъэщ.

Росстатым къызэритымкIэ, Урысейм Iэпхъуэшапхъуэу исым мы гъэм и япэ мазихым, нэгъабэ елъытауэ, цIыху мин 87,6-рэ къахэхъуащ (проценти 5-м нэс). Ауэ, адрей гъэхэм елъытамэ, нэхъ мащIэщ Урысейм къакIуэр. Долларыр лъапIэ зэрыхъуам къыхэкIауэ аращ. Урысейм къыщалэжьым къыщIэкIым хэпщIыкIыу зэрыкIэрыхуам ахэр фейдэншэ ещI.

Iэпхъуэшапхъуэхэм я щхьэр кърахьэкI.

Пл1анэпэр зыгъэхьэзырар **ШИРДИЙ Маринэщ.**

Хоккейми апхуэдэ бжыгъэхэм ущримыхьэлIэ къохъу

● Футбол

6:8, 5:2, 3:4... апхуэдэ бжыгъэхэр куэду яхэтащ КъБР-м футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгуГуэум щрагъэкIуэкIа зэIущIэхэм. Дауи, апхуэдэ зэпэщIэтыныныгъэхэм еплъахэм я нэгу зиужьащ.

ТОП нэхъыбэ дыдэ щыдагъэкIар «Союз»-мрэ «Родник»-мрэ я зэIущIэращ. А командхэм гъуащхьэхъумэхэр ямыIэжу къыпщыхъунут икIи уеблэмэ хоккейми куэдрэ узыщримыхьэлIэ бжыгъэкIа ахэр зэбгъэдэжьажащ, тIыри зэхэту 14-рэ (!) къыхэжаныкIри.

Шэджэмрэ Тэрчрэ щекIуэкIа зэIущIэхэм топ блыбэл хъыбэ щыщыкIа-рэ хьжащ. ТIуми хэгъэрейхэр къыщыхагъэщIащ, ауэ зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыIыгъ «Автозапчасть»-мрэ Малкэ къикIахэмрэ абыхэм хуабжьу къыхагъэзэхьащ.

Я хьэрхуэрэгъуэхэм тхуэрытхуэ я жагъуэ ящIащ «ХьэтIохъуэщыкъуейм»-рэ «**Родник**» (Псынэдахэ) - **5:8**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Малка**» (Малкэ) - **3:4**.

«**Керт**» (Къэхъун) - «**Налшык**» (Налшык) зэIущIэр ягъэзэпхъащ.

ХЬЭТАУИслъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2018 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	22	19	1	2	88-26	58
2.	«Испэмей»	21	15	3	3	59-26	48
3.	«Налшык»	21	13	3	5	63-30	42
4.	«Тэрч»	21	13	2	6	48-33	41
5.	«ХьэтIохъущыкъуей»	22	12	4	6	55-42	40
6.	«ЛогоВАЗ»	22	12	1	9	54-62	37
7.	«Малка»	21	10	4	7	62-50	34
8.	«Родник»	22	9	3	10	51-57	30
9.	«Нартан»	22	9	2	11	41-51	29
10.	«Керт»	21	8	3	10	41-46	27
11.	«Псыкуэд»	21	8	1	12	63-78	25
12.	«Союз»	22	7	4	11	56-71	25
13.	«Къундетей»	22	7	2	13	47-62	23
14.	«Нарт»	22	4	5	13	36-61	17
15.	«Бедик»	22	4	1	17	40-73	13
16.	«Шэрджэс»	22	3	1	18	25-61	10

Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм я хасащхьэхэм хэтхэр игъэнэщхьеящ КъБР-м и къэрал Iуэхущ1апIэ зэхуэмыдэжьым къулыкъу лъагэхэр пщIэ къыхуащIу щIэзыIыгъа, дипломат уухаIэкIэ, Iулыдж зиIэ унафэщIу щыта, адыгэ лъэпкъым и къуэ пэж **Жамборэ Владимир Сулътан и къуэр** дунейм зэрехьжам икIи абы и унагъуэм щыщхэмрэ и Iыхьлыхэмрэ яхуогузавэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылаэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Истэпан Залинэ, Кэрдэн Маритэ, Къумахуэ Астъэн, НэщIэныдакэ Замирэ, Щхьэщэмыщ Иэ.**

Езыгъэтхахэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкIэжмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Iуэхущ1апIэхэм ядэлажьэныкIэ - 42-60-53; зыныщIагъэмрэ щIыуэпсыр хъумэныкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iэнат1эм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху епIыкIэр зэтехуэ зэпыту щытыкъым.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм. Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 2016 гъэм дыгъуасэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Iуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33 12+

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкI Соня,** *редактору* **Жылаэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(3, 5, 6-нэ нап.),* **Иназрокъуэ Аэзмэт** *(1, 2, 4-нэ нап.), КомпьютеркIэ газетым и теплъэр ящIащ* **Дол Маринэ, Щомахуэ Маринэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Iэнат1эм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 2.191 ● Заказ №915